**УДК:631.558.559**

# СОЯНЫҢ ЗҮРӘӘТЛИГИНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИНЕ ЕГИС НОРМАЛАРЫНЫҢ ТӘСИРИ

**Кутлимуратова Дилфуза Балтабаевна,**
Аўыл хожалығы илимлери философия докторы,
Тел: +998900959156
e-mail: dilfuza83@gmail.com
**Кудияров Мадамин Муханбетияр улы,**
**Убайдуллаева Азиза Бухарбаевна,**
**Қалназаровна Дилфуза Полатовна**
4-курс "Агрономия" тәьлим бағдары студентлери,
Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм агротехнологиялар институты.

**https://doi.org/10.5281/zenodo.19458249**

**Аннотация.** Мақалада дийқаншылықты раўажландырыў ҳәм жерден өнимли пайдаланыў ушын үлкен мүмкиншиликлер жаратылмақта. Халықтың азық аўқат қәўипсизлигин тәмийинлеў, биринши нәўбетте дән өнимлери менен толық тәмийинлеў ўазыйпасын орынлаў әҳмийетли ўазыйпа есапланады. Усының менен бир қатарда ҳәзирги күнде аўыл хожалығы тараўында өсимлик белогы жетиспеўшилиги машқаласын шешиў ең үлкен актуал мәселелерден екенлиги сөз етилген.

**Гилт сөзлер.** Соя, зурәәтлилик, егис нормасы, топырақ.

**Аннотация.** В статье говорится о создании больших возможностей для развития сельского хозяйства и эффективного использования земли. Обеспечение продовольственной безопасности населения, в первую очередь полное обеспечение зерновыми культурами, является важной задачей. В то же время было отмечено, что решение проблемы дефицита растительного белка в сельскохозяйственном секторе является одной из самых актуальных проблем сегодняшнего дня.

**Ключевые слова.** Соя, урожайность, норма посева, почва.

**Annotation.** In the article, great opportunities are being created for the development of agriculture and the productive use of land. Ensuring food security for the population, primarily fulfilling the task of fully providing grain products, is an important task. At the same time, it was noted that solving the problem of plant protein deficiency in the agricultural sector is currently one of the most pressing issues.

**Key words.** Soybean, yield, seeding rate, soil.

**Кирисиў.** Республикамызда дийқаншылық мәдениятын көтериў илим жетискенликлери ҳәм әмелияттың алдыңғы тәжрийбелерин, инновацияларды өндириске енгизиў аўыл хожалық егинлериниң зүрәәтлилигин асырыў, өним сапасын жақсылаў, әсиресе мәмлекетимизде дән ғәрезсизлигин тәмийинлеў бойынша үлкен илажлар әмелге асырылмақта. Дийқаншылықты раўажландырыў ҳәм жерден өнимли пайдаланыў ушын үлкен мүмкиншиликлер жаратылмақта. Халықтың азық аўқат қәўипсизлигин тәмийинлеў, биринши нәўбетте дән өнимлери менен толық тәмийинлеў ўазыйпасын орынлаў әҳмийетли ўазыйпа есапланады. Усының менен бир қатарда ҳәзирги күнде аўыл хожалығы тараўында өсимлик белогы жетиспеўшилиги машқаласын шешиў ең үлкен актуал мәселелерден есапланады.

Әлбетте бул машқаланы шешиўде дәнли собықлы егинлеринен соя өсимлигиниң әҳмийети жүдә жоқары болып табылады. Соя дәни қурамында 38-52 % белок, 22-25 % май, май қурамында түрли витаминлер көп болады.

Соя сортларының оптимал егиў нормасын анықлаў ҳам соның тийкарында жоқары зүрәәт алыў, илимий жумысымыздың тийкарғы ўазыйпасы есапланады.

**Материаллар хәм усыллар:** Атыз тәжирийбелерин Пахта селекциясы, туқымгершилиги ҳәм жетистириў агротехнологиялары илимий изертлеў институты ҳәм Андижан дәнли собықли егинлер илим изертлеў институтында ислеп шығылған методикалық усыллар тийкарында өткизилди. Илимий изертлеўлер даўамында алынған мағлыўматлар Б.А.Доспехов (1985) усылында статистикалық қайта ислеўден өткерилди.

**Нәтийжелер.** Өткерилген еки жыллық (2021-2022ж.) тәжрийбелерде сояның Дослық ҳәм Өзбекская 2 сортларының оптимал егис нормаларын анықлаў ушын 60, 70, 80 кг/га нормалары үйренилди. Изертлеўлер нәтийжесинде егис нормасы асырылғанда қаптал шақалар ҳәм собықлар саны азайып, өсимликлер габитуси ҳәм өзгерип барады. Соя өсимлигиниң вегетатив ҳәм генератив органларының қәлиплесиўинде ҳәр бир сорттың биологиялық өзгешеликлерин есапқа алып, олардың оптимал егис нормаларын дурыс таңлаў жоқары нәтийже берди. Изертлеўлеримизде 60-70-80 кг/га егис нормалары үйренилип экономикалық нәтийжелилик анықланды. Изертлеўлер алып барылған еки сортларда да оптимал егис нормасы 70 кг/га екенлиги анықланды. Узбекская 2 сортында зүрәәтлилик 32,4 ц/га, таза пайда 1390,3 сум/га, рентабеллик дәрежеси 251%, ал Дослық сортында да зүрәәтлилик 2,98 ц/га, таза пайда 1234,3 сум/га, рентабеллик дәрежеси 223% қурады.

**Жуўмақ.** Қарақалпақстан Республикасы топырақ-ықлым шараятында соя сортларының өсиўи, раўажланыўы ҳәм зүрәәтиниң қәлиплесиўине егис нормаларының тәсири үйренилгенде ең оптимал егис нормасы болып 70 кг/га есапланады, усы егис нормасында ең жоқары экономикалық жақтан нәтийжелиликке ерисиўге болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Атабаева Х.Н., Алимов А. Фотосинтетическая деятельность посевов сои //Кишлок хужалигида илгор технологиялар: Респ.илм.амал.конф.(1-китоб). - Андижон, 2000. - 276-280 б.

2. Atabaeva Х.N., Исроилов И. Фотосинтетическая деятельность посевов сои// Узбекистон аграр фани хабарномаси журнали. - Tosҳkent, 2003. - № 4 (14).- 26-28 б.

3. Ерматова Д. Соя. - Самарқанд: 1991. - 166 б.

4. Ерматова Д., Айтбаев К.Ж. Дон экинлари. - Тошкент: Мехнат, 2003. - 225 б.